# अध्याय 8

## अव्यय

अव्यय ऊ अविकारी शब्द ह जेकरा रूप पर कवनो विकारी तत्त्व जैसे लिंग, वचन, पुरुष, कारक आ काल के कवनो प्रभाव ना पड़ेला, यानी, हर हाल में जेकर मूल रूप बनल रहेला ओकरा के अव्यय कहल जाला।'

**कालवाचक अव्यय**-काल (समय) के बोध करावे वाला अव्यय कालवाक अव्यय कहाला। कालबोधक अव्यय हवे-'आजु' 'काल्हु', 'जल्दी', 'तुरते', 'कब', 'कबो-कबो', 'रोज-रोज', 'अबे', 'जबे', 'जल्दी' आदि।

**स्थानवाचक अव्यय**-स्थान भा स्थान विशेष के बोध करावे वाला अव्यय स्थानबोधक अव्यय कहाला। स्थानबोधक अव्यय हवे-नियरे, पारे, दूरे, बहरी, भीतर, भीतरी, सगरो, नगीच, इहवाँ, उहवाँ आदि।

**दिशावाचक अव्यय**-दिशा के बोध करावे वाला अव्यय दिशा-बोधक अव्यय कहाला। दिशाबोधक अव्यय हवे-ऐने, ओने, बाँये, दाँये, दहीने, उत्तरे, दक्खिने आदि।

**स्थितिवाचक अव्यय**-स्थिति के बोध करावे वाला अव्यय स्थिति-बोधक अव्यय कहाला। स्थितिबोधक अव्यय हवे-नीचे, तरे, उपरे।

**प्रकारवाचक अव्यय**-प्रकार के बोध करावे वाला अव्यय प्रकार-बोधक अव्यय कहाला। प्रकारबोधक हवे-एकबायक, बिरिया, अती आदि।

**संख्यावाचक अव्यय**-संख्या के बोध करावे वाला अव्यय संख्या-बोधक अव्यय कहाला। संख्याबोधक अव्यय हवे-एगो, दूगो, एकबेर, दूबेर, अकसरूआ आदि।

**परिमाणवाचक अव्यय**-परिमाण भा मात्रा के बोध करावे वाला अव्यय परिमाणबोधक अव्यय कहाला। परिमाणबोधक अव्यय हवे-उउरी, कुल्ही, बेसी, जादे, निकहन आदि।

**स्वीकारवाचक अव्यय**-स्वीकृति भा स्वीकार के बोध कराबे वाला अव्यय स्वीकारबोधक अव्यय कहाला। स्वीकारबोधक अव्यय हवे-हँ, हूँ, हिं, अवश्य, जरूर आदि।

**निषेधवाचक अव्यय**-निषेध भा अस्वीकार के बोध करावे वाला अव्यय निषेधवाचक अव्यय कहाला। निषेधवाचक अव्यय हवे-ना, नू, नाहीं, नूहीं, नहीं, मत आदि।

**रीतिवाचक अव्यय**-क्रिया के सुभाव भा रीति के बोध करावे वाला अव्यय रीतिवाचक अव्यय कहाला। रीतिवाचक अव्यय हवे-फटाफट, अचानक, झटपट।

**संबंधवाचक अव्यय**-दू विचार, भाव, शब्द भा वाक्य के बची संबंध बतावेवाला अव्यय संबंधवाचक अव्यय कहाला। संबंधवाचक अव्यय हवे-आ, अउर, अउरी, फेर फिनु भा, ना, चाहे, का आदि।

## बोध प्रश्न

1. **खाली जगह के सही विकल्प से भरीं।**

**( स्थानबोधक, संबंधवाचक, निपात, अव्यय, संख्याबोधक )**

(क) ऊ अविकारी शब्द जेकर मूल रूप हर हाल में बनल रहेला ओकरा के .......... कहल जाला।

(ख) संस्कृत में शब्द के चार गो रूप नाम, आख्यात, उपसर्ग आउर. .......बा।

(ग) स्थान भा स्थान विशेष के बोध करावे वाला अव्यय........... कहाला।

(घ) संख्या के बोध करावे वाला अव्यय..........अव्यय कहाला।

(ङ) दू विचार, भाव शब्द भा वाक्य के बीच संबंध बतावेवाला अव्यय ..... अव्यय कहाला।

2. **नपल-तुलल शब्द में उत्तर दिहीं।**

(क) अव्यय केकरा के कहल जाला?

(ख) अव्यय कइसन शब्द ह विकारी की अविकारी?

(ग) विकारी तत्व कवन-कवन बा?

3. **क्रियाभ्यास**

(क) निपात के बारे में अपना गुरूजी से बतकही कइके ज्ञान बढ़ावे के चाही।

(ख) देशी भा ठेठ अव्ययन के वर्गीकृत एगो सूची बनाईं।